

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kahirupan masarakat moal leupas tina aktivitas komunikasi anu tangtuna ngagunakeun basa. Dina kahirupan sapopoéna, basa mangrupa pakakas komunikasi anu penting pikeun ngalakukeun interaksi antarwarga, boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakat. Salian ti éta, basa ogé bisa nyiriukeun kalungguhan saurang jalma nu hirup di lingkungan masarakat.

Unggal wewengkon biasana mibanda basa séwang-séwangan, nya éta basa daerah. Saperti basa Sunda nu dipaké di tatar Sunda, Jawa Barat.

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daerah di Indonesia, sarta mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daerah kadua panggedéna di Indonesia sabada Basa Jawa (Sudaryat, 2007:1).

Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial budaya anu makéna. Ku kituna, lian ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda ogé miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda.

Kalungguhan basa Sunda di Indonésia nya éta salaku basa daerah. Dina kalungguhanana jadi basa daerah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jati diri (identitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa

Nasional, (5) basa panganteur di Sakola Dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonesia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim dina Sudaryat, 2007: 02).

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anéka-ragam basa, salah sahijina disawang tina jihat sikep panyaturna. Ragam basa nurutkeun sikep panyatur raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun. Ragam basa saperti kitu disebut *undak usuk basa* atawa *tatakrama basa*. Undak usuk basa enas-enasna mangrupa sopan santun makéna basa (Sudaryat, 2007; 3 & 4).

Undak usuk mangrupa salah sahiji unsur dina basa Sunda. Undak usuk ditarima dina basa Sunda kalayan alesan yén bakat masarakat Sunda mah resep pisan silih adaban ku basa Sunda (Djajasudarma dina Rosidi, 2007: 41). Undak usuk basa nuduhkeun kaluhungan jeung kasopanan pakait jeung moral atawa étika masarakat nu makéna.

Soeria dina panganteurna nétélakeun yén, “...béréndélna kecap-kecap kasar-lemes basa Sunda pikeun jadi bahan kana pangraksa basa, tuturkeuneun balaréa”. Djajawiguna ogé nyebutkeun, “...ieu buku (“Babaran Undak Usuk Basa Sunda”) tiasa dianggo ku sugri anu hoyong ngagunakeun basa Sunda anu leres.” (Rosidi, spk, 2007: 43).

Ciri masarakat Sunda anu merhatikeun basa téh kawilang gedé, utamana anu pakait jeung undak usuk basa Sunda. Éta hal katangen ku ayana pacengkadan undak usuk basa ti taun 1988, dina kongrés basa Sunda di Cipayung, Bogor, nepi ka kongrés basa Sunda VIII nu dilaksanakeun bulan Juni 2005 di Subang.

Undak usuk basa perlu dipaké sarta dipertahankeun keur kapentingan saurang jalma pikeun nuduhkeun adabna waktu ngomong jeung babaturan atawa jeung jalma saluhureun. Salian ti éta, undak usuk basa dianggap penting lantaran mangrupa salah sahiji unsur tina basa Sunda, basa Sunda anu ngawangun kabudayaan Sunda.

Pikeun bahan pangajaran, undak usuk basa Sunda bisa dijadikeun matéri pangdeudeul anu patali jeung konsép kabasaan. Dina ieu panalungtikan, digunakeunana undak usuk basa Sunda patali jeung Kompetensi Dasar *Bercakap-cakap dalam Berbagai Situasi*, nya éta kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina wong wacana dialog (paguneman). Undak usuk basa Sunda nya éta panta-pantana basa, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung anu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana. Ngaliwatan dialog, saurang siswa bisa diidentifikasi kamampuhna dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, naha bisa nyaluyukeun jeung kaayaan, umur, kalungguhan, situasi, jeung hal séjén nu pakait jeung larapan undak usuk basa Sunda. Dina SKKD Basa Sunda, Kompeténsi Dasar *becakap-cakap dalam berbagai situasi* aya dina aspek 2 (*berbicara*), Standar Kompetensi 10.2 (*Mampu berbicara untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam menceritakan pengalaman, berpidato, bercerita, bercakap-cakap, dan berdiskusi kelompok*).

Dumasar kana hasil salah sahiji panalungtikan, kaayaan di lapangan nuduhkeun yén undak usuk basa Sunda téh geus jarang dipaké, utamana di kalangan nonoman, saperti di kalangan pelajar. Tong boroning biasa ngalarapkeun undak usukna, basa Sundana ogé geus jarang dipaké. Salian tina faktor kabiasaan teu dilarapkeunana undak usuk basa Sunda, ogé lantaran undak usuk basa Sunda téh dianggap hésé. Sakumaha anu dijéntrékeun dina salah sahiji panalungtikan ngeunan tingkat héséna undak usuk basa Sunda siswa kelas VIII SMP, di mana tingkat kasulitanana nuduhkeun kriteria luhur. Kacindekan tina éta panalungtikan nya éta ayana pangaruh tina tingkat kasulitan undak usuk basa Sunda kana kamampuh ngalarapkeunana. Dibiasakeunana maké basa Sunda nu hadé tur bener boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan sakola bisa ngarojong pisan kana kamampuh ngalarapkeun UUBS nu hadé tur bener (<http://garuda.dikti.go.id/jurnal/detil/id/6:550/q/pengarang:FARIDA%20offset/0/limit/15>).

Nilik kana keterangan-keterangan di luhur, perlu diayakeun panalungtikan di lapangan ngeunaan kamampuh masarakat Sunda kiwari dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, utamana di kalangan nonoman pelajar anu mangrupa cikal bakal generasi panerus anu bisa ngajaga eksisténsi kasundaan, salah sahijina nya éta pikeun mertahankeun unsur kabasaan nu patali jeung undak usuk basa Sunda.

Objék dina ieu panalungtikanana nya éta siswa Madrasah Aliyah Al-Bidayah. Madrasah Aliyah Al-Bidayah mangrupa salah sahiji lembaga pendidikan formal nu ngadeg di daerah Cangkorah, Batujajar, kabupatén Bandung Barat. Siswa MA Al-

Bidayah 100% mondok di pesantréni Al-Bidayah salaku santri atawa santriyah. Di ieu lingkungan, basa Sunda masih digunakeun salaku basa sapopoé. Utamana, basa Sunda digunakeun ogé dina kagiatan ngaji kitab kuning, di mana para siswa anu sakaligus santri atawa santriyah ngalaman langsung kagiatan ngaji ngagunakeun basa Sunda salian ti kagiatan pangajaran formal basa Sunda di sakola, ogé dirojong ku ayanan silokaning “*nyantri, nyakola, nyunda, nyeni*”. “Nyunda”, éta siloka bisa jadi panguat anu ngarojong pisan kana eksisna kasundaan di Al-Bidayah, kaasup dina maké basa Sunda boh di lingkungan pasantrénnna boh di lingkungan sakolana.

Panalungtikan ngeunaan undak usuk basa Sunda katut unak-anikna, saméméhna geus dilaksanakeun. Judul panalungtikanana di antarana “*Korélasii antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI*” (Eka Rubaidah), “*Korélasii antara Sikep jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI*” (Imas Rahmawati), “*Kecap-kecap anu Dianggap Sulit dina Ngagunakeun UUBS ku Mahasiswa JPBD UPI*” (Lilis Rosmiati), “*Korélasii antara Kasang Tukang jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS mahasiswa JPBD UPI*” (Hernawan, 1987), “*Kamampuh Ngalarapkeun UUBS dina Ngarang Naskah Drama Siswa SMPN 1 Ibun, Majalaya*” (Erlin Darlia, 2002), “*Tingkat Kasulitan UUBS Siswa Kelas II SMPN 3 Lémbang mangaruhan kana Kamampuh Ngagunakeunana*” (Farida, 2001), “*Bandingan Téhnik Ceramah jeung Téhnik Latihan dina Ngajarkeun UUBS di SMP 1 Balééndah, Bandung*” (Jumiarti Gustiadiningrum. 2001), jeung “*Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa SMA Pasundan 8 Bandung*” (Witri Ermawati, 2007). Anapon ieu panalungtikan

dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa MA Al-Bidayah dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina wacana dialog atawa paguneman. Dumasar kana éta tujuan, judul ieu panalungtikan nya éta “*Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Wacana Dialog Siswa Kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupaten Bandung Barat Taun 2011*”.

1.2 Watesan Masalah

Undak usuk basa téh dianggap penting, lantaran aya adab anu tangtu anu kudu diperhatikeun waktu saurang jalma ngomong ka sasama babaturan jeung ngomong ka jalma saluhureun. Waktu ngomong ka babaturan ngagunakeun basa loma, waktu ngomong ka saluhureun ngagunakeun basa lemes, kumaha larap jeung péréléanana. Éta mangrupa salah sahiji pentingna undak usuk basa Sunda téh kudu digunakeun.

Dumasar kana éta masalah, nu baris ditalungtik nya éta kumaha kamampuh siswa MA Al-Bidayah Batujajar dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, di mana éta undak usuk basa téh dilarapkeun dina kalimah wacana dialog. Dialog bisa méré gambaran kumaha saurang jalma bisa maké basa kalawan merenah, dina masalah ieu pakait jeung kamampuh ngalarapkeun undak usukna.

D.K Ardiwinata nétélakeun yén undak usuk basa téh dibagi jadi 1) lemes pisan, 2) lemes biasa, 3) lemes keur sorangan, 4) sedeng, 5) songong biasa, jeung 6) songong paranti nyarékana. Ari R. Momon Wirakusumah jeung I. Buldan Djajawiguna ngabagi undak usuk basa jadi 1) lemes, 2) lemes sedeng, 3) panengah, 4) cohag, jeung 5) kasar (Tamsyah, 2007: 16&24). Anapon Yudibrata, spk (1990: 52)

ngabagi undak usuk basa Sunda kalayan leuwih basajan, nya éta 1) loma, 2) lemes keur sorangan, jeung 3) lemes keur ka batur. Kitu deui dumasar pangabutuh jaman kiwari, sangkan leuwih gampang, undak usuk basa nu dipaké téh nya éta basa loma, basa lemes keur sorangan, jeung basa lemes keur saluhureun.

Ku kituna, panalungtik ngawatesan masalah panalungtikan, anu tuluy dilarapkeun kana judul, nya éta “Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Wacana Dialog Siswa Kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupaten Bandung Barat Taun 2011”. Leuwih museur deui, nya éta ngeunaan kamampuh siswa kelas X MA Al-Bidayah dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda ragam loma, lemes keur sorangan, jeung lemes keur batur, dina wacana dialog.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan saperti ieu di handap:

- a. kumaha kamampuh ngalarapkeun basa Sunda loma dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah?
- b. kumaha kamampuh ngalarapkeun basa Sunda lemes keur sorangan dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah?
- c. kumaha kamampuh ngalarapkeun basa Sunda lemes keur batur dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan mangrupa komponén anu penting dina panalungtikan, nya éta pikeun nangtukeun arahan nu jelas sangkan panalungtikan teu méngpar sarta muser kana hal anu hayang dihontal. Anapon tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nya éta di antarana:

1) Tujuan Umum

Ieu panalungtikan dilakukeun kalayan tujuan pikeun ngadéskripsiéun kamampuh ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah.

2) Tujuan Khusus

Leuwih heureutna, ieu panalungtikan téh dilakukeun kalayan tujuan pikeun ngadéskripsiéun:

- a) kamampuh ngalarapkeun basa Sunda loma dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah.
- b) kamampuh ngalarapkeun basa Sunda lemes keur sorangan dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah.
- c) kamampuh ngalarapkeun basa Sunda lemes keur batur dina wacana dialog siswa kelas X MA Al-Bidayah.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan mangrupa salah sahiji indikasi tina kahontalna tujuan panalungtikan. Mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, nya éta pikeun mekarkeun élmu; sarta mangpaat praktis nya éta anu ngarojong kana pamecahan masalah sarta ngantisipasi masalah nu aya di objék panalungtikan (Riduwan, 2009: 11). Anapon mangpaat tina ieu panalungtikan, di antarana:

1) Mangfaat Tioritis

- a. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kamekaran élmu basa, hususna ngeunaan undak usuk basa Sunda.
- b. Ngarojong kana kapentingan mekarkeun élmu. Pikeun pihak-pihak nu miboga kapentingan, ieu hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun leuwih jero kana objék anu sajinis atawa aspek sejénna anu tacan kawengku dina ieu panalungtikan.

2) Mangfaat Praktis

- a. Méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa MA Al-Bidayah dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda.
- b. Hasil observasi tina éta panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan kaayaan lingkungan atawa sistem nu diterapkeun di MA Al-Bidayah, nu bisa jadi salah sahiji faktor nu mangaruh kana kamampuh siswa MA Al-Bidayah dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda.

- c. Tina hasil déskripsi panalungtikan, tindak lanjutna bisa muncul rékoméndasi ngeunaan métode atawa téhnik nu bisa ngarojong kana tarékah ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, hususna pikeun siswa MA Al-Bidayah, utamana ngaliwatan prosés pangajaran basa Sunda.

1.6 Anggapan Dasar

Numutkeun Surakhmad, anggapan dasar nya éta hiji titik tolak pamikiran nu bebeneranana geus ditarima ku panalungtik (Arikunto, 2010: 104). Ku kituna, anggapaa dasar mangrupa dasar mikir anu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Anggapan dasar tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Tatakrama basa Sunda geus jarang dipaké di kalangan rumaja Sunda.
- 2) Kabiasaan komunikasi maké basa Sunda jeung undak usukna dina interaksi sapopoé dianggap bisa ngarojong kana kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda nu bener.
- 3) Undak usuk basa Sunda bisa dijadikeun bahan pangajaran kabeungharan kecap anu ditepikeun dina pangajaran basa Sunda. Di kelas X MA, undak usuk basa Sunda bisa ditepikeun ngaliwatan pangajaran paguneman dina situasi nu tangtu, luyu jeung SKKD basa Sunda, nya éta Kompeténsi Dasar 10.2.4 (*Becakap-cakap dalam berbagai situasi*) aya dina aspek 2 (*Berbicara*), Standar Kompetensi 10.2 (*Mampu berbicara untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam menceritakan pengalaman, berpidato, bercerita, bercakap-cakap, dan berdiskusi kelompok*).

1.7 Wangenan Operasional

- 1) Kamampuh ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda (UUBS), nya éta kaparigelan ngagunakeun panta-panta basa Sunda, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana.
- 2) Wacana dialog, nya éta wacana anu diwangun ku paguneman atawa obrolan antara dua pihak saperti anu aya dina obrolan telepon, wawancara, téks drama, jeung sajabana

Jadi, nu dimaksud “Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Wacana Dialog Siswa kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupatén Bandung Barat”, nya éta kaparigelan siswa kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupatén Bandung Barat dina ngagunakeun panta-panta basa Sunda nu diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana, dina wacana nu diwangun ku paguneman atawa obrolan dua pihak.